QARAQALPAQ TIL BILIMINIŃ AKTUAL MÁSELELERI
RESPUBLIKALÍQ ILIMIY-TEORIYALÍQ KONFERENCIYA

УДК 811.512.121

# DISFEMIZMLERDIŃ LINGVOPRAGMATIKALÍQ FUNKCIYALARÍ

**A.K.Orazımbetov**
*filologiya ilimleriniń kandidatı, docent.*
*Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institute*
e-mail: amirbekaga@gmail.com

**DOI: https://doi.org/10.5281/zenodo.17703383**

***Annotaciya.*** *Bul maqalada disfemizm lingvistikalıq qubılısı haqqında sóz etiledi. Túsiniktiń anıqlaması hám onıń evfemizmnen ayırmashılıǵı keltiriledi. Disfemistikalıq leksikanıń tiykarǵı pragmatikalıq wazıypaları, sonıń ishinde, unamsız sezimlerdi bildiriw, sociallıq qashıqlasıw sıyaqlı máseleler tallanadı.*

***Tayanısh sózler:*** *disfemizm, evfemizm, ortofemizm, lingvistika, pragmatika, ekspressiv leksika, манипуляция.*

***Аннотация.*** *В данной статье рассматривается лингвистическое явление дисфемизма. Дается определение понятия и его отличие от эвфемизма. Анализируются основные прагматические функции дисфемистической лексики, включая выражение негативных эмоций и социальное дистанцирование.*

***Ключевые слова:*** *дисфемизм, эвфемизм, ортофемизм, лингвистика, прагматика, экспрессивная лексика, манипуляция.*

***Abstract.*** *This article examines the linguistic phenomenon of dysphemism. The definition of the concept and its distinction from euphemism are given. The main pragmatic functions of dysphemistic vocabulary, including the expression of negative emotions and social distancing, are analyzed.*

***Keywords:*** *dysphemism, euphemism, orthophemism, linguistics, pragmatics, expressive vocabulary, manipulation.*

Til tek ǵana xabar almasıw quralı emes, al kúshli tásir quralı bolıp esaplanadı. XXI ásirde lingvistikalıq izertlewlerdiń obyekti tek funkciyalıq strukturanı úyreniw emes, al onı jeke, sociallıq-toparlıq hám etnikalıq sananıń procesleri menen baylanısı arqalı úyreniw boldı. Sońǵı waqıtları izertlewshilerdiń házirgi tildegi disfemizmler mashqalasına qızıǵıwshılıǵı artıp barmaqta. Sóz erkinligi sóylewde turpayıraq sóz hám ibaralardıń jiyi qollanılıwına alıp keldi. Biz jaǵımsız temalardı evfemizmler járdeminde jumsartıwımız múmkin, kerisinshe, sózdi qatań túrde turpayı hám ashıwlı etiwimiz múmkin. Bul ekinshi usıl - neytral túsinikke unamsız kórinis beriw yamasa ekspressiyanı kúsheytiw maqsetinde onı turpayı, qopal yamasa ádepsiz túrde bildiriw disfemizm dep ataladı. Disfemizmler sóylewshi tárepinen belgili bir nátiyjege erisiw ushın usı kontekstte tolıq orınlı bolǵan neytral túsiniktiń ornına bilqastan (mensinbew, ashıwlanıw, hátteki jek kóriwshilikti bildiriw ushın) arnawlı túrde tańlap alınadı.

Atamanıń ózi áyyemgi grek tilindegi (*"dys" - biykarlaw prefiksi + "pheme" - sóylew*) sózinen alıngan, ayırım ádebiyatlarda kakofemizm dep te qollanıladı

[Berdimuratov E. 1994: 50; Ábikenova G. 2019: 50]. Ol grek tilindegi *("kakos" -jaman + "pheme"- sóylew, sóz)* sózlerinen dúzilgen. Bul evfemizmge tuwrıdan-tuwrı qarama-qarsı. Ortofemizm grek tilindegi (*"orthos" - tuwrı, duris; "pheme" - sóylew*) - predmet yamasa hádiyseniń "durıs," sózbe-sóz hám orınlı atalıwı bolıp, ol "shennen tıs ádeplilik" (evfemizm) hám "turpayılıq" (disfemizm) polyusları arasında turadı. Evfemizm unamsızlıqtı jasırsa, disfemizm, kerisinshe, onı qopal túrde kórsetedi.

Disfemizm (defemizm, kakofemizm) - qanday da bir predmettiń usı konteksttegi tábiyiy belgilerin ádepsiz, qopal yamasa turpayıraq belgiler menen almastırıwdan ibarat trop [Axmanova O. 2004: 137].

Disfemizmlerdiń qollanılıwı - bul ápiwayı qopal sózlilik emes, ol sóylesiwde belgili pragmatikalıq funkciyalardı atqaradı:

1. Kúshli unamsız sezimlerdi bildiriw: qáhár, ashıw, jerkeniw.

Disfemizmler kúshli unamsız sezimlerdi bildiriw ushın qollanılıp, neytral túsiniklerge turpayı hám ekspressivlik boyaw beriw, ashıwlanıw, qáhárleniwdi kúsheytiw maqsetinde qollanıladı. Olar unamsızlıqtı jumsartatuǵın yamasa jasıratuǵın evfemizmlerge qarama-qarsı túrde isleydi. Disfemizmlerge ***"óliw"*** sóziniń ornına ***"muq qaptı"*** yamasa ***"awız"*** sóziniń ornına ***"tumsıq"*** sózlerin almasıwı mısal boladı.

2. Sociallıq aralıqtı payda etiw: sóylewshi hám sóylew obyekti arasındaǵı ayırmashılıqtı kórsetiw, húrmetsizlikti kórsetiw. Disfemizmler sociallıq aralıqtı payda etiwi múmkin, sebebi olar sóylesiwshi yamasa toparǵa bolǵan unamsız múnásibetti kórsetiwshi unamsız sózler bolıp esaplanadı. Negativlikti jumsartıwshı evfemizmlerden parıqlı túrde disfemizmler unamsız qabıllawdı kúsheytiw hám psixologiyalıq yamasa sociallıq uzaqlasıwdı payda etiw maqsetinde arnawlı túrde qollanıladı, bul bolsa jaqınnan pikirlesiwge tosqınlıq etedi hám aralıqtı saqlawǵa járdem beredi.

Disfemizmler sociallıq aralıqtı qalay payda etedi?

Unamsızlıqtı kúsheytiw Disfemizmler basqa adamnıń yamasa topardıń unamsız qásiyetlerin kórsetiw ushın qollanıladı. Bul qorlaw, kemsitiwshi laqap yamasa qolaysız atama bolıwı múmkin, ol emocional qashıqlıqtı payda etedi. Mısalı: ***qara- negr, máskúnem- alkash, vrach- aybolit t.b.***

Barer payda etiw: Disfemizmlerdi qollanıw qarım-qatnastıń normal ótiwin buzadı. Bunday sózlerdi sanalı túrde qollanıw sóylesiwshige itibarsızlıqtı kórsetedi, onıń menen jaqın yamasa isenimli baylanıs ornatıw múmkin emes. Mısalı: ***"Ol biraz ersi" - "Ol pútkilley aqmaq."***

Effekt: sáwbetlesiwshi ózin aqlamaw-aq gápti toqtatadı.

***"Sen meniń kewlimdi qaldırdıń" - "Sen haramı satqınsań, men seni jek kóremen."***

Effekt: qatnasıqlar úziledi, qayta tiklew qıyınshılıq talap etedi.

Ajıratıw Disfemizmler sóylewshiniń qatnasıwshısınan ajıratıwshı marker bolıp xızmet etedi. Mısalı, belgili bir sociallıq topardı turpayı hám kemsitiwshi atamalar menen ataw usı topar aǵzalarınıń jámiyettiń qalǵan bóleginen ajıralıp qalıwına sebepshi boladı. Mısalı: ***"kekse adam"*- **"góne shóńge," "sawsaǵan ǵarrı."****

Marker: sóylewshi sáwbetlesiniń jasınan uzaqlasıp, oniń hálsizligin kórsetedi.

Artıqmashlıqtı kórsetiw Ayırım jaǵdaylarda disfemizmlerden paydalanıw óziniń sáwbetlesiwshiden artıqmashlıǵın kórsetiwge urınıwı múmkin. Bul da sociallıq aralıqtı saqlawdıń bir túri. Mısalı: ***"Kem támiyinlengen"- "jalań ayaq," "jarlı." t.b.***

Marker: materiallıq jaǵdayǵa jek kóriwshilik, óziniń "elitarlı" ekenligin kórsetiw.

3. Sóylewdiń ekspressivligin kúsheytiw: sóylewge kóbirek emocional kúsh beriw, kewilsiz táreplerine itibar qaratıw.

Disfemizmler neytral túsiniklerdi turpayı yamasa unamsız sózler menen almastırıw arqalı sóylewdiń ekspressivligin kúsheytedi, sóylewge emocional kórinis beredi. Bul sózdiń mánisin kúsheytiw ushın qollanılatuǵın stilistikalıq usıl, máselen, ***"itibarsız"- "soqır," "sógingish" - "boq awız," "biymáni sóz" - "bılshıldı," "jumıstan bosatıw" - "artına tebiw," "otır" - "omal" t.b.***

Buǵan unamsız mánistegi sózlerden paydalanıw arqalı da erisiledi, olar jargon, turpayı sózler yamasa kemsitiwshi sózler boliwi múmkin.

4. Siyasiy diskurs: Siyasatta disfemizmler kóbinese qarsılastıń unamsız kórinisin jaratıw, informaciyanı buzıp beriw hám jámiyetlik pikirdi manipulyaciya etiw ushın qollanıladı. Mısalı: ***oppozicioner- xalıq dushpanı, kritik- inoagent, satqın, islam – terrorist, djihatshı, miting- massalıq tártipsizlik, mámleketlik xızmetker- byurokrat t.b.***

Disfemizmli siyasiy diskurs - bul siyasiy sóylewde neytral sózlerdiń ornına turpayı yamasa kemsitiwshi sózlerdi qollanıw bolıp, bul opponentti diskreditaciyalaw, itibar qaratıw hám ekspressivlikti kúsheytiwge xızmet etedi. Disfemizmler populizm quralı sıpatında qarsılaslardı kemsitiw, narazılıq bildiriw hám jámiyetlik pikirdi manipulyaciya etiw ushın qollanıladı.

Siyasiy diskursta disfemizmlerdiń qollanılıw sebepleri:

Psixologiyalıq faktorlar Sóylewshiniń rásmiy emes jaǵdayı, frustratsiya, agressiya onı qatań normalardan bas tartıwǵa, keskin sózlerden paydalanıwǵa iytermeleydi.

Sociallıq-mádeniy faktorlar: zamanagóy jámiyette evfemikalıq almastırıwlardan waz keshiw tendenciyası payda boldı, bul bolsa unamsız mánistegi sózlerden paydalanıw ushın orın bosatadı.

Manipulyaciya hám diskreditaciya Siyasiy jetekshiler populistlik strategiyalardın bir bólimi esaplangan qarsilaslardı auditoriya aldında adamgershiligin joǵaltıw, kemsitiw yaki diskreditaciyalaw ushin disfemizmlerden qastan paydalanadı.

Disfemizmler sózge emocionallıq kúsh baǵıshlaydı, onı kóbirek tásirli hám tıńlawshılardıń yadında qalarlıq etedi.

5. Disfemizmler geyde házil formasında qollanıladı, biraq bul jerde házil menen kemsitiw arasındaǵı shegara júdá názik boladı.

Disfemizmler járdemindegi yumor kóbinese sarkastikalıq yamasa satiralıq xarakterge iye boladı. Mısalı: - ***Ol biraz aqırın*** - ***"Insultten keyingi shilliq qurttay háreketlenedi."***

Disfemizm - bul ádettegi sózdiń ornına qollanılatuǵın turpayı yamasa kemsitiwshi sóz bolıp, onıń usınday mániste qollanılıwı bir nárse aytılıp, onıń qarama-qarsısı názerde tutılatuǵın ashıwlı mısqıllawdı payda etedi. Bul kemshiliklerdi áshkaralaw yamasa agressiyanı kórsetiw usılı bolıwı múmkin. Máselen, Disfemizmli sarkazm: ***"Sen de geniyseń, álbette!"*** (bul jerde ***"geniy"*** sózi turpayı máni benen almastırılıp, kerisinshe túsinilgen).

Disfemizmniń tásiri kóp jaǵdayda kontekstke, mádeniy normalarǵa hám sóylesiwshiler arasındaǵı qatnasıqlarǵa baylanıslı. Jaqın dostıńa házil usılında aytılǵan sóz, eger onı sırttan kelgen adam yamasa baslıq aytsa, úlken konfliktke aylanıwı múmkin. Ekstralingvistikalıq jaǵday (qay jerde, qashan, kim sóylep atırǵanı) hám tikkeley til ortalıǵı sheshiwshi rol oynaydı.

Disfemizm belgili kontekst boyınsha durıs qollanılǵan sózdiń mánisi kóbirek turpayı sóz benen almastırıw - sózdi awıspalı mánide (trop) paydalanıwdıń bir jolı. Máselen, disfemizm kemsitiw, qorlaw, jek kóriw túsinigin payda etedi. Mısalı: murnı boq bala, boqtan óngendi sóyledi, boǵı menen jas, boǵın pıshaqladı, qolınan boq kelmeydi, boqqa turmaydı, boǵı shıqtı, boǵı botqa, boq awız t.b. Qaraqalpaq tilinde bir sózge baylanıslı sonsha disfemizmler bar. Bular belgili kontekstte ortofemikalıq qollanılǵan sózlerdiń ornın almastırıp aytıwda qollanıladı. Disfemizmler ádebiy tildiń úlgisine kirmeydi. Bular kóbinese kórkem shıǵarmada sóylew tiliniń sóylew úlgisi sıpatında qaharmanlardıń tilinde ushırasadı. Sol arqalı hár bir jazıwshı óziniń qaharmannıń minez-qulqın, is-háreketin, oy-órisin súwretlep, anıq haqıyqıy obrazın jaratadı. Insannıń jámietlik turmısınıń sırları júdá kóp. Jıllı sóz aytıp, birewdiń kewlin kóteriw múmkin bolǵanınday, qopal sóz aytıp, birewdiń namısına tiyip, renjitiwge de boladı. Bulardıń barlıǵı sózdiń qúdiretli kúshin kórsetedi, tanıtadı. Usı kózqarastan qaraǵanda, disfemizmler de kúndelikli qarım-qatnasta belgili xızmet atqaratuǵınlıǵı kóriwge boladı. Ásirese, bular sóylew tilinde kóp qollanıladı.

Disfemizmler - bul tildiń qarańǵı tárepi bolıp, sóylesiwshige til menen "túyrep alıw", "shaǵıp alıw" yamasa unamsızlıqtı kúsheytiw maqsetinde sanalı túrde tańlap alınatuǵın sózler. Olar insannıń sezimleri hám niyetlerin bildiriw ushın - jaǵımsız nárseni jasırıwǵa umtılıwdan (evfemizm) onı barlıq turpayılıǵı menen kórsetiwge umtılıwǵa shekem (disfemizm) tildiń qanday iykemli hám hár tárepleme qollanılıwı múmkinligin kórsetedi. Bul qubılıstı túsiniw aytılǵan sózdiń kúshin hám onıń qarim-qatnasıqqa tásirin jaqsıraq túsiniwge járdem beredi. Disfemizmlerdi tallaw jáne bir máseleni ortaǵa qoyadı - házirge shekem jergilikli hám shet el leksikografiyasında disfemizmler sózligi joq. Disfemizmler sózligi jaratılsa olar jargonizmlerden, vulgarizmlerden, tabulardan hám semantikalıq intensivlerden ajıratılǵan bolar edi.

**Ádebiyatlar:**

1. Ахманова О.С. Словарь лингвистических терминов. Изд. 2-е, – Москва: Едиториал УРСС, 2004. – 576 с.
2. Әбікенова Г.Т. Қазіргі қазақ тілі лексикологиясы. Оқу құралы –Семей: «Жәрдем» ҚҚ РБО.,- 2019 ж.,-150 б.
3. Бердимуратов Е Ҳәзирги қарақалпақ тили – Нөкис: Билим баспасы, 1994. – 188 б.